

BILTEN ENFÒMASYON SOU VAKSEN

Vaksen kont Varisèl (Saranpyon): Sa Ou Dwe Konnen

Many Vaccine Information Statements are available in Haitian Creole and other languages. See www.immunize.org/vis

Anpil Bilten Enfòmasyon sou Vaksen yo disponib nan lang kreyòl ayisyen ak nan lòt lang. Gade nan www.immunize.org/vis

1 Poukisa moun dwe pran vaksen?

Varisèl (ki rele tou saranpyon) se yon maladi viral atapan anpil. Se viris varicella zoster ki lakòz li. Anjeneral varisèl pa twò grav, men li ka grav lakay tibebe ki poko gen 12 mwa, adolesan, adilt, fanm ansent, ak moun ki gen sistèm defans kò febli.

Varisèl lakòz yon demanjezon ki dire yon semèn anjeneral. Li kapab lakòz tou:

- lafyèv
- fatig
- pèdi apeti
- maltèt

Konplikasyon pi grav yo ka gen ladan:

- enfeksyon nan po
- enfeksyon nan poumon yo (nemoni)
- anflamasyon nan veso sangen yo
- anfleman kouvèti sèvo a ak/oswa mwal epinyè a (ansefalit oswa menenjit)
- enfeksyon nan sikilasyon san, zo, oswa jwenti

Sètèn moun vin sitelman malad yo oblije entène lopital. Sa pa rive souvan, men moun ka mouri nan varisèl. Anvan vaksen kont varisèl, prèske tout moun Ozetazini te gen varisèl, ki se 4 milyon moun an mwayèn chak ane.

Timoun ki trape varisèl rate anjeneral 5 oswa 6 jou omwen nan lekòl oswa gadri.

Sètèn moun ki trape varisèl gen yon gratèl ki fè mal ki leve sou yo ki rele zona (ke yo rele èpès zoster tou) plizyè ane pita.

Varisèl ka gaye fasilman soti sou yon moun ki enfekte pou ale sou nenpòt moun ki pa te gen varisèl deja epi ki te pa pran vaksen kont varisèl.

2 Vaksen kont varisèl

Timoun ki gen laj 12 mwa jiska 12 an dwe pran 2 dòz vaksen kont varisèl, anjeneral:

- Premye dòz: Laj 12 mwa jiska 15 mwa
- Dezyèm dòz: Laj 4 an jiska 6 an

Moun ki gen laj 13 an oswa plis, ki pa te pran vaksen an lè yo te pi piti, epi ki pa te janm gen varisèl, dwe pran 2 dòz 28 jou entèval omwen.

Yon moun ki te resevwa deja yon sèl dòz vaksen kont varisèl dwe resevwa yon dezyèm dòz pou konplete seri a. Yo dwe bay dezyèm dòz la 3 mwa omwen apre premye dòz la pou

moun ki poko gen 13 an epi 28 jou omwen apre premye dòz la pou moun ki gen laj 13 an oswa plis.

Pa gen okenn risk yo konnen ki genyen lè yon moun resevwa vaksen kont varisèl ansanm avèk lòt vaksen.

Gen yon konbinezon vaksen ki rele MMRV ki gen ni vaksen kont varisèl ni vaksen MMR. MMRV se yon opsyon pou sètèn timoun laj 12 mwa jiska 12 ane. Gen yon Bilten Enfòmasyon sou Vaksen apa pou MMRV. Founisè swen sante w la kapab ba ou plis enfòmasyon.

3 Sètèn moun pa dwe pran vaksen sa a

Di founisè swen vaksen an si moun k ap resevwa vaksen an:

- **Gen nenpòt alèji grav, ki mete lavi an danje.** Yon moun ki te gen deja yon reyaksyon alèjik ki menase lavi apre yon dòz vaksen kont varisèl, oswa ki gen yon alèji grav ak nenpòt pati nan vaksen sa a, yo gendwa konseye pou moun sa pa pran vaksen an. Si ou vle enfòmasyon sou eleman ki konpoze vaksen an, mande founisè swen sante w.
- **Ansant, oswa panse li pètèt ansent.** Pou yo pran vaksen kont varisèl fanm ansent yo dwe tann jiskaske yo pa ansent ankò. Fanm yo dwe evite vin ansent pandan 1 mwa omwen apre yo fin pran vaksen kont varisèl.
- **Gen yon sistèm defans kò ki febli akòz maladi (tankou kansè oswa VIH/SIDA) oswa tretman medikal (tankou radyasyon, iminoterapi, estewoyid, oswa kimoterapi).**
- **Gen yon paran, yon frè oswa yon sè ki konn gen pwoblèm nan sistèm defans yo.**
- **Ap pran salicylate (tankou aspirin).** Moun dwe evite pran salicylate pandan 6 semèn apre yo fin resevwa yon vaksen kont varisèl.
- **Te resevwa yon transfizyon san pa twò lontan oswa lòt pwodui abaz san.** Yo ka konseye pou w ranvwaye vaksinasyon kont varisèl pou 3 mwa oswa plis.
- **Gen tibèkiloz.**
- **Te pran nenpòt lòt vaksen nan 4 semèn ki sot pase yo.** Lè yo bay vaksen yo twò pre ansanm, yo ka pa travay byen menm jan.

- **Pa santi w byen.** Anjeneral, yon maladi lejè, tankou yon rim, se pa yon rezon pou ranvwaye yon vaksinyasyon. Yon moun ki malad plizoumwen oswa ki malad grav ta dwe rete tann pwobableman. Doktè w kapab ba ou konsèy.

4 Risk pou gen reyaksyon nan yon vaksen

Avèk nenpòt medikaman, gen yon chans pou reyaksyon, vaksen ladan tou. Sa yo jeneralman lejè epi yo disparèt poukont yo, men reyaksyon grav ka posib tou.

Gen plis sekirite lè w pran vaksen kont varisèl pase pou w ta trape maladi varisèl. Pifò moun ki pran vaksen kont varisèl pa gen okenn pwoblèm avèk li.

Aprè vaksinyasyon kont varisèl, yon moun ka gen:

Evènman minè:

- Bra fè mal nan kote li pran piki a
- Lafyè
- Po wouj oswa gratèl leve nan kote li pran piki a

Si evènman sa yo rive, yo kòmanse anjeneral nan lespas 2 semèn apre piki a. Yo rive mwen souvan apre dezyèm dòz la.

Evènman pi grav apre vaksinyasyon kont varisèl rive raman. Yo kapab gen ladan:

- Kriz (sakad oswa rete je fiks) ki asosye souvan ak lafyè
- Enfeksyon nan poumon yo (nemoni) oswa nan kouvèti sèvo a ak mwal epinyè a (menenjit)
- Gratèl leve sou tout kò a

Yon moun ki vin gen yon gratèl leve sou li apre vaksinyasyon kont varisèl ta kapab transmèt viris vaksen varisèl la bay yon moun ki pa pwoteje. Menm si sa rive trè raman, nenpòt moun ki vin gen yon gratèl leve sou yo dwe rete lwen moun ki gen sistèm defans kò febli ak lwen tibebe ki pa vaksinen jiskaske gratèl la disparèt. Pale avèk founisè swen sante ou pou w aprann plis.

Lòt bagay ki ta ka rive apre vaksen sa a:

- Pafwa moun endispoze apre pwosedi medikal, apre yon vaksen tou. Chita oswa kouche pandan apeprè 15 minit kapab ede anpeche endispoze ak blese si w tonbe. Fè doktè ou konnen si ou santi toudisman, oswa ou gen chanjman nan vizyon oswa si zòrèy ou ap boudonnen.
- Sèten moun gen doulè nan zepòl ki kapab pi grav ak dire pi lontan pase doulè moun kapab santi dòdinè apre enjeksyon. Sa rive trè raman.
- Nenpòt medikaman ka koze yon reyaksyon alèjik grav. Yo estime kalite reyaksyon konsa apre yon vaksen se mwens pase 1 ka sou yon milyon dòz, epi sa ta rive nan lespas kèk minit oswa kèk èdtan apre moun nan fin pran vaksen an.

Menm jan avèk nenpòt medikaman, gen yon ti chans pou yon vaksen koze yon chòk grav oswa lanmò.

Yo toujou kontwole sekirite vaksen yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb: www.cdc.gov/vaccinesafety/

5 Kisa k ap pase si gen yon pwoblèm grav?

Kisa mwen dwe chèche?

- Chèche nenpòt bagay ki enkyete w, tankou siy yon reyaksyon alèjik grav, lafyè ki wo anpil, oswa konpòtman anòmal.

Siy yon **reyaksyon alèjik grav** kapab gen ladan itikè, figi anfle ak gòj anfle, difikilte pou respire, yon batman kè rapid, toudisman ak feblès. Siy sa yo ta kòmanse anjeneral nan kèk minit pou rive nan kèk èdtan apre ou pran vaksen an.

Kisa mwen dwe fè?

- Si ou panse se yon **reyaksyon alèjik ki grav** oswa si ou panse se yon lòt ijans ki pa kapab tann, rele 9-1-1 oswa ale nan lopital ki pi pre a. Sinon, rele founisè swen sante ou.

Aprè sa, yo dwe rapòte reyaksyon an nan Vaccine Adverse Event Reporting System (VAERS) (Sistèm Rapò sou Efè Segondè Vaksen). Doktè ou dwe fè rapò sa a, oswa ou kapab fè li poukont ou sou sitwèb VAERS nan www.vaers.hhs.gov, oswa ou kapab rele nan **1-800-822-7967**.

VAERS pa bay konsèy mediksl.

6 Pwogram Nasyonal Konpansasyon pou Chòk nan pran Vaksen

National Vaccine Injury Compensation Program (VICP) se yon pwogram federal yo te kreye pou konpanse moun ki te pran chòk akòz sèten vaksen.

Moun ki kwè yo ka te pran chòk nan pran yon vaksen, pou jwenn enfòmasyon sou pwogram nan ak sou fason pou yo fè yon reklamasyon, yo kapab rele nan **1-800-338-2382** oswa yo ka ale sou sitwèb VICP nan www.hrsa.gov/vaccinecompensation. Gen yon delè limit pou prezante yon reklamasyon pou konpansasyon.

7 Kijan mwen kapab aprann plis enfòmasyon?

- Mande founisè swen sante ou. Li ka ba ou yon avi ki vini ak vaksen an oswa sijere lòt sous enfòmasyon.
- Rele depatman sante lokal ou oswa depatman sante eta kote w ap viv la.
- Kontakte Centers for Disease Control and Prevention (CDC) (Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi):
 - Rele **1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO)** oswa
 - Ale sou sitwèb CDC nan www.cdc.gov/vaccines

Vaccine Information Statement Varicella Vaccine

2/12/2018

Haitian Creole

42 U.S.C. § 300aa-26

Office use only

